



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI FRANCES APARTMENTS II NAN KONTE MONROE

*Devlopman lojman abòdab 48 apatman, 12.8 milyon dola, ofri sèvis sipò nan vil Sweden*

*Investisman an antre nan kad Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan — ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèyman dezyèm faz konplèks Frances Apartments nan vil Sweden nan Konte Monroe. Nouvo devlopman 12.8 milyon dola sa a ofri 48 lojman abòdab avèk uit apatman apa pou rezidan yo ki bezwen sèvis sipò pou kapab viv poukont yo.

"Tout Nouyòkè yo merite yon kote pou yo viv ki san danje, desan epi abòdab ke yo ka rele lakay yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo devlopman lojman sipò sa a fonde sou efò ak investisman kontinyèl nou nan kominote yo toupatou nan eta a, ofri 48 nouvo apatman abòdab pou sila yo ki bezwen sèvis sekirize ak sipò yo."

Frances Apartments II fè pati angajman Gouvènè Cuomo pran pou bay tout Nouyòkè aksè ak lojman sekirite, abòdab atravè Plan Lojman san presedan 20 milya dola, sou senkan Eta a genyen pou rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo konstwi oswa prezève plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman k ap ofri sèvis sipò.

"Tout moun merite gen yon twa desan sou tèt yo ak aksè ak sèvis sipò ki nesèsè pou ede amelyore kalite lavi", **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare.**

"Achèyman Faz II Frances Apartments lan se yon testaman ekite ak enklizyon, ki sèvi tankou yon reflè valè nou, ki gen ladan kreye ak prezève opsyon lojman abòdab nan tout eta a. New York angaje pou kontinye investi nan kominote nou yo pou ede devlope ak ranfòse ekonomi an - rekonstwi pi byen ak kreye opòtinite pou lavni."

Frances Apartments II gen ladan sis bilding de etaj ki gen 24 apatman yon chanmakouche ak 24 apatman twa chanmakouche. Dis nan apatman yo abòdab pou fanmi k ap touche jiska 50 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan epi sible 38 inite ki rete yo pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan AMI an. Uit nan apatman yo separe pou moun ki bezwen sèvis sipò.

Premye faz konplèks la, 56 inite Frances Apartments, te ouvri nan mwa oktòb 2017 epi te jwenn finansman nan men HCR ak Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta a. Nouvo konplèks la ki fini an gen 104 apatman, 22 ladan se inite lojman sipò ki gen sèvis Life Assistance, Inc., pi gwo ajans k ap sèvi timoun ak granmoun ki gen andikap devlopman nan Greater Rochester, bay.

Konplèks la pote non gwo natif Brockport Frances "Fannie" Barrier Williams (1855-1944), entèlektyèl, atis, sifrajis ak defansè jistis sosyal ki se te premye Afwo-Ameriken ki gradye nan SUNY Brockport.

Lifetime Assistance, Inc. ak Rochester's Cornerstone Group, Ltd. se ko-devlopè Frances Apartments II.

Finansman HCR pou Frances Apartments II 12.8 milyon dola a gen ladan 9.5 milyon dola nan kapital pwòp Kredi Taks pou Moun ki gen Revni Fèb ak 2.2 milyon dola nan sibvansyon. NYSERDA te bay finansman tou atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon Rezidansyèl ki Pa Wo. Community Preservation Corporation (CPC) te bay 660,000 dola nan finansman pèmanan pou pwojè a atravè patenarya avèk Fon Retrèt Komen Eta New York ak Konte Monroe te kontribiye 200,000 dola nan finansman HOME.

Depi 2011, HCR te envesti plis pase 627 milyon dola pou kreye oswa prezève apeprè 7,500 kay ak apatman abòdab nan Rejyon Finger Lakes la, ki gen ladan plis pase 443 milyon dola nan Konte Monroe pou sipòte plis pase 5,200 kay pou plis pase 13,000 moun ak mobilize 566 milyon dola nan finansman apati lòt sous.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare,** "Gouvènè Cuomo te rann li yon priyorite pou administrasyon li an konstwi lojman sipò nan tout eta a ki pèmèt Nouyòkè tout kapasite kapab viv avèk diyite ak endepandans nan pwòp kay yo. Avèk achèyman faz II a, konplèks Frances Apartments la livre 104 lojman abòdab pou fanmi ak granmoun ki gen bezwen espesyal nan Konte Monroe. Pandan ijans sante piblik sa a, li pi enpòtan ke jamè pou nou kontinye kreye nouvo opòtinite lojman ak bay moun yo resous yo bezwen pou rete nan kay san danje ak an sekirize. Felisasyon pou tout patnè nou yo dèske yo te fini bèl nouvo konplèks sispò sa a".

**Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Pwofite sit ki pa byen itilize yo tankou sa yo pou konstwi lojman ki ekonomik nan enèji ak abòdab pou kèk nan rezidan nou yo ki pi vilnerab se yon bagay gayan-gayan pou kominote yo nan eta a epi se yon priyorite anba lidèchip Gouvènè Cuomo pou enèji pwòp ak klima. Idantifye ak livre solisyon ki ogmante opòtinite pou tout Nouyòkè pou benefiye investisman eta a ki diminye emisyon nwizib se yon eleman enpòtan nan batay nou kont chanjman klimatik epi mwen felisite Frances Apartments pou gwo etap sa a".

**Komisè OPWDD a, Theodore A. Kastner, te deklare,** "OPWDD toujou ap fè efò pou bay moun ki gen andikap devlopman yo opòtinite pou viv poukont yo nan kominote yo a avèk bon sipò pou ede yo reyisi. Nan kad plan lojman senkan Gouvènè Cuomo a pou bay lojman aksesib pou sila yo ki gen plis nesosite, uit nan apatman sa yo, ak 4 ki sòti nan premye faz konstriksyon an, pral bay ak moun ki gen andikap devlopman yo yon lojman san danje, abòdab ak aksesib nan kominote yo a pandan y ap jwenn sèvis pèsonalize pou satisfè bezwen espesifik yo".

**Lidè Repibliken Sena a, Rob Ortt, te deklare,** "Konstriksyon Frances II Apartments se te yon siksè total ak retansyon. Pa sèlman chak apatman nan konplèks la te lwe ak yon moun ki gen nesosite, men pwojè a te fini alè ak selon bidjè a. Lifetime Assistance, Inc. ak Cornerstone, Ltd. kontinye fè bèl travay pou manm nan kominote nou an ki gen andikap devlopman, epi mwen fyè dèske mwen te fè pati efò defans yo pou pèmèt pwojè sa a avanse. Tout moun merite gen yon kominote kote yo santi yo byenvini ak opòtinite pou jwenn yon plas yo kapab rele lakay. An nou tout espere wè plis pwojè tankou sa ki rive fèt nan yon lavni pwòch, epi ann kite travay ki fèt nan Frances II Apartments sèvi kòm yon modèl pou lòt yo nan eta a".

**Manm Asanble Stephen Hawley te deklare,** "Mwen kontan wè devlopman etablisman ki bay sèvis enpòtan sa yo evolye nan yon rit rapid konsa, epi mwen ankò pi kontan wè kijan kominote a te anbrase pwojè lojman sa yo. Pwojè sa a pral benefisye pa sèlman ekonomi rejyon an, men nanm li tou; kominote yo k ap travay ansanm ak veye youn sou lòt yo osi Ameriken tankou tat pòm, epi mwen fyè de kominote sa a dèske yo fè sa rive fèt".

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare,** "Lojman abòdab ak aksesib pou tout moun esansyèl pou fòs kominote nou yo. Tout rezidan nan Konte Monroe merite yon kote ki an sekirite ak abòdab pou yo rele lakay yo. Mwen remèsye Lifetime Housing Development Corp. ak Rochester's Cornerstone Group dèske yo te bay kominote lojman revni mik ki enklizif ak bay sipò sa a pou ede asire ke opòtinite sa a disponib pou moun ki gen pwoblèm tande/wè, ki gen andikap fizik oswa lezyon serebral twomatik. Mwen kontan Konte Monroe te fè pati sila yo ki rann sa rive fèt epi mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Cuomo ak Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York te bay Frances Apartments epi tout kominote ak patnè gouvènman an ki te travay anpil pou rann pwojè sa posib".

**Sipèvizè Vil Sweden, Kevin Johnson, te deklare,** "Pou dezyèm fwa nan senkan, Rochester's Cornerstone Group te pote yon pwojè lojman modèn, abòdab pou Vil Sweden. Patenarya avèk Lifetime Assistance vle di gen plis opsyon lojman enklizif ki disponib pou rezidan nou yo. Frances II se yon pwojè ki byen konsevwa, byen egzekite ki se yon ajou ki byenvini pou kominote nou an".

**Jamie Branciforte, Direktè Egzekitif Jeneral Lifetime Assistance Inc., te deklare,** "Pwojè sa a remake pou anpil rezon. Gras ak Konsèy Direktè avangadis ak Ekip Lidèchip Lifetime nou an, ak yon ekip eksepsyonèl konstriktè, achitèk, enjenyè ak founisè sèvis nou te fini pwojè sa a alè ak selon bidjè a, ki ase difisil pandan tan nòmal

yo men espesyalman pandan yon pandemi kote yon bon pati nan monn nou an fèmen. Sa revele anpil sou angajman patnè nou yo. Nou rekonesan anpil pou tout travay difisil yo ki te ede pèmèt pwojè sa a fini ak satisfè nesesitye k ap grandi pou jwenn lojman enklizif ak abòdab. Ansanm, nou te kreye yon kominote fanmi, selibatè ak moun aje ki gen ladan sila yo ki gen andikap, entè-jenerasyonèl ki vrèman eksepsyonèl".

**Roger W. Brandt, Jr., Prezidan Rochester's Cornerstone Group te deklare,** "Cornerstone ak Lifetime Assistance kontan bay dezyèm faz yon devlopman ki reyisi anpil, ki deja gen yon lis atant men longè pou rezidan alavni yo. Ekip la te travay ansanm pandan moman difisil pandemi an ak mendèv ki te disponib pou fini 48 inite lojman abòdab bon jan kalite anplis nan Vil Sweden alè ak selon bidjè a".

**Miriam Zinter, Responsab Ipotèk Community Preservation Corporation, te deklare,** "Nan CPC nou kwè ke lojman abòdab bon jan kalite se fonnman kominote ki djanm yo. Frances Apartments II ranpli yon nesesitye vital nan Vil Sweden pou lojman ki ekonomik pou enèji, abòdab ki bay tou plizyè apatman ki satisfè bezwen inik rezidan ki gen andikap yo. Mwen remèsye patnè nou yo nan Lifetime Assistance pou vizyon ak devouman yo anvè kominote a, epi ak Kontwolè DiNapoli ak patnè finansye nou yo nan Fon Retrèt Komen Eta a pou angajman yo pou investi nan lojman abòdab".

### **Akselerasyon Finger Lakes Forward**

Anons jodi a antre nan kad "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi ane 2012, Eta a te deja investi plis pase 8 milya dola nan rejyon an pou etabli fondasyon pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras a yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta a, Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)